दिन–गुरूवार | दिनांक–25.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ | अवधिः–05 मिनट

---

आइ संविधान हत्या दिवस मनाओल गेल अछि। आजुक दिन पच्चीस जून उन्नैस सय पचहत्तरि कें लगाओल गेल आपातकालक स्मरण दियऽबैत अछि, जखन देश में संवैधानिक अधिकार आ लोकतांत्रिक मूल्य पर गंभीर असरि पडल छल। एहि अवसर पर देश आ राज्य में कतेको कार्यक्रमक आयोजन भेल अछि। राज्य भाजपाक दिस सँ पटनाक ज्ञान भवन में आयोजित कार्यक्रम में केंद्रीय स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण मंत्री जे.पी. नड्डा आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सम्मिलित भेलाह। एहि दरमियान आपातकालक विरूद्ध लड़ाई लड़य बला चारि सय पचास जेपी सेनानी सभ कें सम्मानित कएल गेल। केंद्रीय मंत्री जे.पी. नड्डा लोकनायक जयप्रकाश नारायण के तैलचित्र पर फूल अर्पित कँ श्रद्धांजलि देलनि। सभा कें संबोधित करैत श्री नड्डा कहलनि जे आपातकालक दरमियान ओहि कालक प्रधानमंत्री इंदिरा गांधी अंग्रेजक जमानाक बनाओल मीसा कानूनक अंतर्गत, बिना कोनो कारणे आ बिना कोनो अदालती जांच के, एक लाख एकतीस हजार लोक सभ कें जेल में बंद कऽ देने छलीह।

---

केंद्रीय मंत्री आपातकालक समय पटना सँ आरंभ भेल जनआंदोलन कें स्मरण करैत कहलनि जे ओ स्वयं सेहो एहि संघर्षक गवाह रहल छथि। ओ कहलनि जे लोकतंत्रक हत्याक विरूद्ध लड़ाईक बीज बिहारक माटि पर पडल छल आ एतहि सँ पूरा देश में आंदोलन प्रारंभ भेल छल। श्री नड्डा लोकनायक जयप्रकाश नारायण के संपूर्ण क्रांतिक नारा आ पटनाक ऐतिहासिक गांधी मैदान में भेल भारी रैलीक चर्चा करैत कहलनि जे ई आंदोलन लोकतंत्र कें वापस अनबाक लड़ाई कें एकटा नव बल देलक आ ओहि समयक सरकारक जड़ि हिला कँ राखि देने छल। केंद्रीय मंत्री जनौलनि जे आपातकालक दरमियान प्रेसक आजादी आ संविधानक सभ मूल्यक गला घोंटि देल गेल छल। ओ कहलनि जे लोकतंत्रक यैह सीख अछि जे जनता संविधान आ प्रजातंत्रक गला घोंटए बला कें समय अयला पर मजबूती सँ उत्तर दैत अछि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी संविधान हत्या दिवस पर आपातकालक बिरोध करय बला लोकतंत्र सेनानी सभक नमन कयलनि। सोशल मीडिया पर अपन संदेस में ओ कहलनि जे भारतीय लोकतंत्रक इतिहास में आपातकाल एकटा कारी पन्ना छल, जखन सत्ताक अहंकार में लोकतांत्रिक संस्था, अभिव्यक्तिक स्वतंत्रता आ नागरिक अधिकार कें गंभीर चुनौतीक सामना करय पडल छल। मुख्यमंत्री कहलनि जे लोकतंत्रक रक्षा, संविधानक आदर आ जनताक आवाजक ताकत कें सदिखन सभ सँ ऊपर राखब लोकतंत्र सेनानी सभक असली श्रद्धांजलि थिक।

---

जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा कहलनि जे पच्चीस जून भारतीय लोकतंत्रक इतिहासक सभ सँ कारी दिन थिक। ओ जनौलनि जे कांग्रेस द्वारा लगाओल गेल आपातकालक दरमियान विपक्षी नेता सभ कें जेल में भरि देल गेल छल आ मीडियाक स्वतंत्रता पर सेहो रोक लगा देल गेल छल। श्री झा पटना एयरपोर्ट पर पत्रकार सभ सँ जनौलनि जे पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो ओहि आंदोलनक दरमियान जेल में रहल छलाह।

---

भोजपुर जिलाक शाहपुर थाना क्षेत्र अंतर्गत बिलौटी गाम में पछिला दिन भेल कथित मुठभेड़ में भरत तिवारीक मृत्युक मामिलाक न्यायिक जांच शुरू कऽ देल गेल अछि। पटना उच्च न्यायालयक सेवानिवृत्त न्यायाधीश विनोद कुमार सिन्हाक अध्यक्षता में गठित आयोग आइ घटना स्थलक दौरा कयलक। श्री सिन्हा पीड़ित परिजन आ ग्रामीण सभ सँ गपशप कएलनि। एहि दरमियान शाहाबादक डीआईजी सत्यप्रकाश, जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया, पुलिस अधीक्षक राज सहित आन वरिष्ठ अधिकारी मौजूद छलाह।

---

राजधानी पटना सहित राज्यक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग में प्रचंड गर्मी सँ जनजीवन प्रभावित अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान में जनौलक जे अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान बक्सर, भोजपुर, रोहतास, भभुआ, पटना, नालंदा आ गया सहित राज्यक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग में लू के स्थिति बनल रहत। ओतहि, विभाग राज्यक उत्तरी भाग में अधिकांश स्थान पर तेज हवाक संग बरखाक अलर्ट जारी कएने अछि।

---

बेगूसराय जिलाक चकिया थाना क्षेत्र अंतर्गत पछिला दिन भेल दुष्कर्मक घटना में पुलिस दू आओर आरोपी कें गिरफ्तार कयलक अछि। एहि मामिला में एखन धरि पांच गोटेक गिरफ्तारी भेल अछि।

————————————————————————

समाप्त